бицинчIого, магIарул росабалъгицин жидер лъималазда школалда авар мацI малъизе хIажат гьечIилан пикру загьир гьабиялъул хIужабиги камулел гьечIелъул.

Школалъул цIалдохъабазул самоуправлениялъул советалде гъорлъе унел ХIажимурад ГIумахановас ва Седа Пезулаевалъ кIудияб махщалида бачунеб тадбиралда кIалъазе ргIи къураздасан тIоцевесев шагьаралъул администрациялъул бетIер Арслан Арслановасги жиндирго кIалъай гIагарал мацIал лъазариялде кьолеб кIвар цIикIкIинабизе хIажалъи букIиналде буссинабун букIана.

Умумузул тарихги, адабиятги, маданиятги лъаларев чисул рухIияб мискинлъиялъул бицунаго, Арсланица баркалаялъул ва баркиялъул рагIаби абуна шагьаралъул школазда 7 батIияб миллияб мацI цIалдохъабазда малъулел мугIалимзабазул цIаралда.

Арсланица бицана Халкъияб собраниялъ хIадур гьабулеб бугеб «Дагъистаналъул мацIалъул хIакъалъулъ» законалъул проект шагьаралъулазда лъикIаблъун бихьулеб бугин, амма гьеб къабул гьабицунеб букIарабали кIочонел чиновниказул докладазул бакIалда, ахIвал-хIалалъул хважаин-забилъун цIалдохъаби ва мугIалимзаби гьарун ругоан.

ХIалтIулъ рихьизарурал хIасилазухъ балагьун мугIалимзабазе, администрациялъул ва лъай кьеялъул управлениялъул рахъалдасан шапакъатал кьейги гьоркьо-гьоркьобе ккезабун, гьезул къурдабаз ва ахIулел кIучIдуз залалда унго-унгояб байрамалъулаб ахIвал-хIал лъугьинабун букIана.

Гьедин, данделъараз гьираялда къабул гьаруна 8-абилеб школалдаса Зульфия ГIусмановалъ, 4-абилеб школалдаса ПатIимат ГIусмановалъ ва Мадина Кабаевалъ, 10-абилеб школалдаса Эльмира Алхасовалъ цIаларал, 17-абилеб школалдаса Аминат ЯхIяевалъ, 10-абилеб школалдаса СаихIат ГIумаровалъ, лъай кьеялъул ветеран Халид ЗайнулгIабидовас ахIарал кучIдул, 13 школалъул цIалдохъан АсхIабгIали Лабазановас къолода рачарал къурдул накаби.

Шагьаралъул школаздаса авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалимзабаз хоралда «МагIарулазул гимн» дал шагьаразда ва росабалъ, мугIалимзабаз хIалтIи гьабулеб гьечIилан абизе бакI гьечIо.

Кинабго лъикI букIинаан гьезулго гIадинаб бербалагьи киналго умумузул рахъалдасанги букIунебани. Гьелъул хIакъалъулъ ракI унтун бицунеб букIана мугIалимзабазги.

РакIалда буго Дагъистаналъул Пачалихъалъулаб Университеталда авар мацIалъул фонетика малъулев вукIарав, жиндир мунагьал чураяв ТIаса Жунгуталдаса МуртазгIалил МухIамадица гIемер абулеб букIараб, шагьаралъул къватIазда МухIамадазулги ПатIиматазулги бакIалда Магабиги Патябиги гIемерлъулел рукIиналъ рахIат хвезабулеб бугилан.

КъватIккун уней эбелалъ нахъа хутIулеб лъимер «Мага, бегом мамочку догони», - ян ахIулеб бугин, «МухIамад, бабал вас, хехго бабада хадув гIунтIе»,- ян абуни, гьалъул кIалдиб хъат къабулев чи гьечIогурищан ццин бахъунаан гьесул.

Гьединал умумузе щибаб къойил такрар гьаризе мустахIикъал ругин «Малъе, эбел, авра мацI» абурал дол кIочIол мухъалин пикру бижана данделъиялдаса къватIиве Авторас магIарул мацIалда хъвазе бегьилищилан гьикъидал, жив магIарулав гурин гIандисев вугин, гIурус мацIалда хъвайилан жаваб гьабуна гьес.

РакIчIараб буго гьитIинав цIалдохъанасулъ гьединаб пикру мугIалимас щула гьабичIеблъиялда.

ГIандисел, чIамалал, багвалал, къаралал, гIахьвалал, бакълъулал - нилъ цого миллаталъул лъимал гурищ кколел? Умумуз миллаталда гьоркьоб гьединаб рикьи ккезе биччантун букIарабани жакъа рес ккелаандай, кинаб диалекталъул свериялда кIалъалел ругониги, нилъер гIаммаб тарихалдаса, адабияталдаса, маданияталдаса чIухIизе?

Кинан рикьилел нилъеца имам Шамил, Ругъжаса ГIанхил Марин, ГьаракIуниса СагIид, Хьаргабиса Бегилав, ХъахIаб росулъа МахIмуд, ЦIадаса ХIамзат, Фазу ва Расул ХIамзатов, ГIабдурахIман Даниялов, Шамил ГIалиев, МухIамадзагьид ГIабдулманапов, МухIамад ХIажиев, МухIамад ТIолбоев, МахIмуд ГIабдулхаликъов, Сидрат Мажидова, Даку Асадулаев, СагIидмухIамад Абубакаров, ЧIикIаса СагIидапанди, ГIали

**Дир гьаракь бахъани**
**дир лъималахъа?**
**Щай дир магIаруллъи**
**магIарул чагIаз,**
**Чидар мацI бицунеб**
**жидерго гъасда?**

ЦIалараздасан щивас гьелъул магIнагун хIасилги гьабулеб батани, миллаталъул аслулъун мацIги, гьеб цIуниялъул жавабчилъи тIаде кколеб аслияб бутIалъун хъизанги рикIкIунеб батани, узухъда, нилъ рохарал рукIина. Амма жакъасеб хIакъикъаталъ гьедин батиялда шаклъизе тIамулел руго.

ГIалимзабаз рахIат хун лъазабулеб буго дунялалда ругел мацIазул къадар соналдаса соналде дагьлъулеб бугилан. Нилъер мацI гьединазда гъорлъ рехсезе бокьилев магIарулав ватилин кколаро. МацI бугогIан заманалда миллатги букIунилан абиги бугелъул, жакъа киналго нилъе-рабгоги цIунун, гьеб бечед гьабиялда тIад хIалтIани, метер чияралъул цIобалде ккечIого рукIинеблъиялда божизе бегьула.

**Сураталда: Хасавюрталъул школаздаса авар мацIалъулгун адабияталъул мугIалимзабазул къокъа ва тадбиралъул бищунго гьитIинай гIахьалчIужу ПатIимат ГIусманова.**

**Гьумер хIадур гьабуна Избудин МУХIАМАДОВАС**